

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan nya éta di Dusun Cibawang, RT 02 RW 09 Desa Sukasirnarasa Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang. Anu mangrupa lembur juru rebab jangkung (Bapa Endang, 50 taun) grup Jentréng “Pusaka Mulya”.

Désa Sukasirnarasa ayana di belah wétan Kecamatan Rancakalong, mangrupa gerbang wétan wilayah Kecamatan Rancakalong, luas wilayahna 473 Ha (sawah 146 Ha, kebon 228 Ha, jeung pangangonan 27 Ha), *jarak tempuh* ka Ibu Kota Kecamatan ± 7 Km. Ieu Désa ayana di sisi jalan provinsi nu mangrupa aksés jalan Sumedang-Subang, anapon wates wilayahna, nya éta: belah kulon (Désa Cijamabu), belah wétan (Désa Cigéndél jeung Désa Cijeruk), belah kalér (Désa Sukasirnarasa) jeung belah kidul (Désa Pamulihan). Wilayah Désa Sukasirnarasa mangrupa pasir nu luhurna 600m-700m di luhur laut, suhuna 25° C, curah hujan rata-rata 85m.

Jumlah penduduk Désa Sukasirnarasa aya 4372 jiwa (lalaki 1868 jiwa, awéwé 2016 jiwa). Agama anu diagem Islam. Nu jadi potensi unggulan Désa nya éta paré, luas lahan 252 Ha anu ngahasilkeun rata-rata 300.000 kwintal.

Salian ti di Dusun Cibawang, ieu panalungtikan dipilampah di Dusun Ciléngsar RT 02 RW 11 Desa Cigendel Kecamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang. Anu mangrupa lembur narasumber sakaligus saéhu lalaki (Bapa Darya, 68 taun) grup Jentréng “Pusaka Mulya”. Ieu panalungtikan ogé dipilampah di Dusun Cigargadung RT 03 RW 10 Desa Cigendel Kecamatan Pamulihan. Anu mangrupa lembur ti Ibu Entar Tarmahanah (75 taun) sareng Ibu Dede (45 taun) nu pernah magelar Jentréng “Pusaka Mulya”. Jarak ti Cibawang, Ciléngsar katut Cigargadung kawilang deukeut, sabab tilu dusun éta mangrupa tatangga.

Desa Cigendel luas wilayahna 559,86 Ha. Orbitrasi ti Desa ka Ibukota Kecamatan ± 3 km, sedengkeun ka Ibukota Kabupaten ± 15 km, jeung ka Ibukota

Provinsi ± 42 km. Sacara démografi wilayah Desa Cigendel dibagi jadi 4 dusun, nya éta Dusun I, Dusun II, Dusun III, jeung Dusun IV, diwangun ku 13 RW jeung 45 RT, jumlah pendudukna 7.291 jiwa atawa 2.168 KK. Pakasaban masarakat Desa Cigendel mayoritas aya di séktor tatanén. Agama anu diagem agama Islam/

Anapon wates wilayahna nya éta : belah kulon (Desa Pamulihan), belah wétan (Desa Cijeruk jeung Desa Cimarias), belah kidul (Desa Cilembu), jeung belah kalér (Desa Sukasirnarasa)

3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

Moeleong dina Arikunto (2010:22), sumber data panalungtikan kualitatif nya éta tampilan dina wangun kekecapan lisan atawa tinulis nu ditengetan ku nu nalungtik jeung benda-benda anu ditengetan nepi ka rinci.

Dumasar pamadegan di luhur, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh data anu aya boh dina sumber tinulis nya éta buku-buku anu aya patalina jeung ajén sosial, kabudayaan, kasenian, jentréng jeung bahan ajar, boh dinu sumber lisan nya éta ti narasumber anu apal kana seluk beluk jentréng tur jalma anu sok ilubiung dina kasenian jentréng.

Sumber data nu jadi informan, nya éta bapa Endang (juru rebab), bapa Darya (saéhu lalaki), ibu Entar (warga), ibu Dede (warga). Pikeun mikanyaho ajén sosial naon anu aya dina kasenian Jentréng éta ngagunakeun instrumén panalungtikan di handap.

3.2 Métode jeung Desain Panalungtikan

3.2.1 Métode Panalungtikan

Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan anu geus ditangtukeun, dibutuhkeun métode anu luyu. Arikunto (2010:203) nétélakeun yén métode panalungtikan nya éta cara nu dipaké ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dina milampah hiji panalungtikan, métode téh mangrupa alat nu dipaké sangkan bisa ngahontal tujuan anu geus diébréhkeun. Métode ogé sangkan euweuh ma'na *ambiguitas* dina nyawang sarta ngaréngsékeun masalah.


Métode nu biasa digunakeun dina panalungtikan téh aya tilu, nya éta métode historis, métode déskriptif, jeung métode ékspérimental.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Sudjana (1987:52) nyebutkeun yén métode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung ngajéntrékeun kajadian anu lumangsung mangsa kiwari. Métode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun ngungkulon pasualan-pasualan faktual ku jalan ngumpulkeun jeung ngadéskripsikeun data, nyusun papasingan, nganalisis jeung nafsirkeun data. Panalungtikan nu ngagunakeun métode déskriptif mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun prédicti, atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Suyatna (2002:14) nyebutkeun yén tujuan panalungtikan déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daerah nu tangtu. Nu dimaksud panalungtikan kalawan téhnik déskriptif téh di antarana nya éta panalungtikann nu ngajéntrékeun, nganalisis jeung masing-masingkeun panalungtikan kalayan téhnik survéy, interview, obsérvasi sarta dokuméntasi.

3.2.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu diliwatan dina panalungtikan ti mimiti ngararancang, ngalaksanakeun, nepi ka ngolah hasil panalungtikan. Arikunto (2010:191), ngadesain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2010:203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu dipaké ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data sangkan migawéna leuwih babari jeung hasilna leuwih hadé, hartina leuwih gemet, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari diolah. Ku kituna, instrumén dina ieu panalungtikan nya éta obsérvasi jeung wawancara.

3.3.1 Obsérvasi Langsung

Nalika obsérvasi aya sawatara instrumén atawa alat anu dipaké, tujuanna sangkan data anu dibeunangkeun bisa diolah kalayan asak sarta taya nu kaliwat.

1) Kaméra foto

Digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun nalika ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber. Salian ti éta, kaméra foto dipaké ngadokuméntasikeun kasenian jentréng nalika ngalaksanakeun obsérvasi langsung nyakséni kasenian jentréng.

2) Handycam

Digunakeun nalika ngalaksanakeun obsérvasi langsung, nya éta nyakséni kasenian jentréng.

3) Rekorder

Dipaké pikeun ngarékam nalika ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber.

4) Kartu data

Kartu data dipaké, sangkan nalika maluruh ajén sosial bisa ngaguluyur tur teu hésé masing-masingna.

3.3.2 Obsérvasi Partisipan

Obsérvasi partisipan dilaksanakeun sangkan bisa meunang pangalaman sacara langsung. Ku kituna, leuwih hadé lamun nu nalungtik milu hirup di hiji wewengkon pikeun mikanyaho kahirupan sapopoé masarakat dina nataharkeun Jentréng. Dina ieu panalungtikan, obsérvasi partisipan nu dipilampah nya éta ngilu ngibing sarta mantuan sautak saeutik nalika nyieun sababaraha rupa sasajén.

3.3.3 Padoman Wawancara

Padoman panalungtikan dijieu sangkan nalika ngalaksanakeun wawancara puguh jujutanana, teu ngalantur kamana waé. Salian ti éta, sangkan bisa ngahontal tujuan tur meunangkeun informasi anu diperlukeun.

3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajen Sosial dina Kasenian Jentréng di Kecamatan Rancakalong Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Pedaran Wanda Kasenian Daerah di SMP Kelas VIII” sangkan teu ngawangun persepsi anu ambigu tur sangkan aya gambaran dina ieu judul, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah dina ieu panalungtikan, diantarana:

- 1) Ajén Sosial nya éta nilai anu patali jeung kahirupan masarakat salaku mahluk sosial. Di antarana silaturahmi, silih hargaan, kerjasama, karukunan sarta *aktualisasi diri* (pangakuan).
- 2) Kasenian Jentréng mangrupa salah sahiji w提醒 gun kasenian rakyat nu aya di wewengkon Jawa Barat. Jentréng leuwih kakoncara ku ngaran tarawangsa. Ngaran tarawangsa téh dicokot ti nu ngaran alat musik gesek nu miboga dua *dawai* nu dijieu tina kawat baja atawa besi anu dipaké dina magelarkeun jentréng atawa tarawangsa téa.
- 3) Bahan pangajaran nya éta matéri pembelajaran atawa alat tina sistem pangajaran pikeun ditepikeun ku guru ka siswa dina proses kgiatan diajar anu luyu jeung kurikulum.

3.5 Téhnik Panalungtikan

3.5.1 Léngkah Tatahar

Dina milampah hiji panalungtikan, aya sawatara tahap anu kudu diliwatan sarta disiapkeun kalayan asak sangkan panalungtikan bisa lancar, mangfaat sarta ngahontal tujuan anu geus dipérélékeun. Anapon léngkah-léngkah dina nataharkeun panalungtikan nya éta; (1) ngajukeun judul panalungtikan, (2) ngumpulkeun sumber data (telaah pustaka), (3) nangtukeun masalah sarta objék

panalungtikan, (4) ngajukeun proposal panalungtikan, jeung (5) konsultasi ka dosén pangaping.

3.5.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Luyu jeung métode panalungtikan, téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan aya opat, nya éta (1) téhnik studi pustaka, (2) téhnik obsérvasi, (3) téhnik wawancara, jeung (4) téhnik dokuméntasi.

Téhnik studi pustaka dipilampah ku cara nengetan atawa nganalisis sumber boh tina buku-buku boh tina média éléktronik nu patali jeung panalungtikan, nya éta ngeunaan ajén sosial, kabudayaan, kasenian, jentréng sarta bahan pangajaran.

Téhnik obsérvasi dipilampah sangkan bisa nyakséni kasenian jentréng sacara langsung. Ku kituna, bisa ngabandingkeun antara hasil wawancara jeung hasil niténan sorangan.

Téhnik wawancara mangrupa téhnik anu kawilang wajib dina ieu panalungtikan. Ku jalan wawancara bisa meunangkeun informasi ti sababaraha narasumber. Salian ti éta wawancara ogé bisa meunangkeun informasi kalawan jéntré.

Téhnik nu kaopat nya éta téhnik dokuméntasi. Téhnik dokuméntasi dipilampah sangkan dina ngolah data bisa dianalisis kalayan asak nepi ka bisa nyieun laporan anu hadé kalayan bener. Salian ti éta, téhnik dokuméntasi boga fungsi salaku bukti geus ngalaksanakeun obsérvasi langsung.

3.5.3 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data panalungtikan, kudu dipilampah kalayan kritis. Komo lamun data anu aya mangrupa hasil ti sababaraha sumber. Dina ngolah data ulah nepi ka pagedrug, kudu luyu jeung data anu dihasilkeun. Ku kituna, téhnik ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis, klasifikasi data jeung panyusunan data sarta perbandingan data antara wawancara ka masarakat jeung hasil studi pustaka. Éta téhnik bisa dipérélékeun, nya éta (1) niténan data-data anu geus kakumpulkeun, (2) data anu ka paké jeung teu ka paké dipasing-

pasing kalayan taliti, (3) nganalisis sarta ngadéskripsi keun data nu aya, jeung (4) nyieun kacindekan.

3.5.4 Léngkah Nyusun Laporan

Sabada data dipasing-pasing sarta dianalisis, tuluy data disusun dina wangun déskriptif. Minangka lajuning laku, ieu panalungtikan disusun sacara sistematis, luyu jeung raraga panulisan anu geus ditangtukeun pikeun jadi skripsi anu mangrupa hasil panalungtikan.

